

6 jiyè

Frè m yo pa aji tankou timoun lè n ap fè lespri nou travay. Nou mèt aji tankou timoun annegad sa ki mal. Men, aji an granmoun lè n'ap fè lespri nou travay. 1 Korentyen 14. 20

Pa bliye kò nou. Kenbe fèm nan konfyans nou. Mete kouraj sou nou. 1 Korentyen 16. 13

Se pou ou yon nonm !

“Se pou w yon nonm !” Se pawòl granmoun yo konn di jenn timoun yo pafwa. Se pou w yon nonm : sa vle di se pou w aji tankou nou menm ki granmoun. Se pou ou fè tankou nou ! Se pou lese ale selon dezi kè ou ! si yon moun pa bwè pou sou, ou pa yon nonm ! Si w pa gen libète seksyèl ou pa yon nonm !

E pou w montre ou se yon nonm, ou dwe toufe konsyans ou, ou jete konviksyon ou si ou te genyen l. Ou suiv panchan kè ou..., ou pèdi nanm ou, e ou kondui lòt moun fè menm jan tankou ou. A ! Nonm sa yo gen *kouraj* : men yo pa kapab reziste devan moun k ap bat chalbari sou yo. Nonm sa yo gen *fòs* : men yo pa kapab pran pozisyon devan tantasyon. Nonm sa yo *lib* : men yo esklav enterè yo, pasyon yo ak opinyon lòt moun !

Nan fason opoze, pawòl Bondye anseye nou lòt bagay : *“Se pou nou aji an granmoun”* (1 Korentyen 16. 13). Men se granmoun ki konnen pou li rete sen, modere, ki respekte lòt moun, ki respekte tèt yo tou, ki kapab pran pozisyon devan sa ki mal. Granmoun ki kapab pran pozisyon pou Letènèl, devan moun k ap bat chalbari sou yo akòz kwayans yo nan Bondye. Yo obeyi Bondye olye yo abandone fwa yo devan moun k ap pran plezi sou yo.

Se granmoun sa yo Bib la fòme, lè yo kwè nan sa li di l, yo obeyi li. Paske gen 2 fason ou *kapab granmoun* : Viv nan monn nan dapre egzijans kò a, oubyen viv yon fason tou nèt dapre egzijans Lespri Bondye a ; pou nou fè Bondye plezi (Efezyen 5. 2). Lè nou aji konsa, nou se *“Pitit Bondye”* : se lè sa a, nou granmoun toutbon vre ; dapre volonte Bondye.

6 juillet

Frères, ne soyez pas des enfants dans votre façon de juger ; pour la méchanceté, soyez de petits enfants ; mais, dans votre façon de juger, soyez des hommes faits. 1 Corinthiens 14. 20

Veillez, tenez ferme dans la foi ; comportez-vous en hommes, fortifiez-vous. 1 Corinthiens 16. 13

Être des hommes !

“*Sois un homme !*” diront parfois des adultes à un adolescent – c’est-à-dire : fais comme nous. Entre dans la même ornière. Laisse-toi aller aux mêmes penchants ! Si l’on ne boit pas d’alcool, on n’est pas un homme ! Sans la liberté sexuelle, on n’est pas un homme !

Et, pour se montrer homme, on étouffe sa conscience, on fait taire ses convictions si l’on en a, on suit ses pulsions... et on perd son âme, entraînant d’autres personnes à sa suite. Ah ! ces hommes *courageux* : incapables de résister à un sourire moqueur. Ces hommes *forts* : il n’y a pas de tentation devant laquelle ils ne cèdent. Ces hommes *libres* : ils sont les esclaves de leurs intérêts, de leurs passions, de l’opinion des autres !

En contraste, la Parole de Dieu nous dit autrement : “Comportez-vous en hommes” (1 Corinthiens 16. 13), mais des hommes qui savent rester purs, sobres, qui respectent les autres, se respectent eux-mêmes et résistent au mal. Des hommes dignes qui tiennent tête aux railleries pour obéir au Seigneur Jésus Christ, et osent ainsi braver l’opinion des autres.

Voilà les hommes que forme la Bible, quand ils la croient et lui obéissent. Car il y a deux manières *d’être homme* : vivre dans le monde selon notre nature entraînée par notre propre volonté, par nos convoitises, ou vivre selon la vie nouvelle qui nous a été donnée par Dieu, par la foi en Christ “qui nous a aimés” (Éphésiens 5. 2) et qui fait de nous des “enfants de Dieu” : des hommes selon Dieu.